

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu judul skripsi téh nyaéta “Novél Carita Si Dirun Karya Samsuedi pikeun Bahan Pangajaran Maca di Sakola Kelas IX SMP (ulikan struktural jeung ajén moral)”. Dikasangkutanan ku perluna tarékah dina ngawanohkeun jeung nepikeun bacaan-bacaan sastra nu hadé pikeun barudak hususna dina widang atikan, ieu hasil panalungtikan téh dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca novél. Aya sababaraha hal anu dipedar dina ieu panalungtikan, nyaéta: 1) Struktur carita ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra dina novél *Carita Si Dirun* karya Samsuedi, 2) Ajén moral nu ngawengku opat rupa disawang tina kamekaran budak, 3) Larapna hasil panalungtikan saupama dipatalikeun pikeun bahan alternatif bahan pangajaran maca novél di kelas IX SMP. Métonde nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métonde déskriptif analisis, kalawan téhnik talaah pustaka jeung analisis data.

Hasil panalungtikan nu ngawengku: téma dina ieu novél nyaéta téma sosial nu nyaritakeun robahna laku lampah hiji budak nu kacida bangor jeung basangkalna lantaran tara nurut ka omongan kolotna. Galur dina ieu novél nyaéta galur maju atawa mérélé, ti mimiti nyaritakeun lalampahan Si Dirun nalika jadi budak basangkal tara nurut ka kolot jeung sok ngabohong ka kolotna robah jadi budak nu sangsara sanggeus ditinggal maot ku indung-bapana tuluy dipulung anak ku Pa Lihun jeung pamajikanana nepika jadi budak bageur, singer jeung pinter dina hal utamana dina lalayaran jeung jualan. Tokoh dina ieu novél aya 21 palaku, palaku utama, (Si Dirun) jeung palaku utama kadua (Ambu Dirun jeung Bapa Dirun), sarta watek palaku tambahan dina ieu novél nya éta Guru, Urdu, Arpin, Ahmad, Sakim, Bandar Cina, tilu urang nu maén, tukang bako, bibi dirun, amang tukang wayang, Ua Dirun, jalma nu ngariung, Menak/Ponggawa, Raja, Nyai Putri, Pa Lihun, Ambu Lihun, Ki Maman. Latar dina ieu novél ngawengku 21 latar tempat, 30 latar waktu, jeung 3 golongan latar status sosial nyaéta golongan jalma beunghar, golongan jalma pertengahan, jeung golongan jalma teu boga. Judul nu digunakeun ku pangarang luyu jeung eusi carita nu nyaritakeun lalakon Si Dirun. Puseur

implengan (point of view) dina ieu novél nyaéta jalma katilu-teu kawatesanan, hartina pangarang nyoko kana unggal karakter jeung nempatkeun dirina salaku jalma katilu. Pangarang ogé bisa nyieun karakter anu ningali, ngadéngé, atawa mikir nalika euweuh karakter anu dimunculkan. Cindekna dina jalma katilu-teu kawatesanan téh pangarang teu langsung aya dina carita, tapi pangarang bisa mikanyaho sagala eusi carita, sagala rupa kajadian jeung palaku. Gaya basa nu digunakeun ku pangarang karasa leuwih basajan, hartina basa nu digunakeun téh gampang dipikaharti ku nu maca. Éta gaya basa nu digunakeuna téh nyaéta ngupamakeun, mijalma jeung babasan.

ditilik tina ajén moral dumasar téori Abin Syamudin, kapanggih aya 4 moral kamekaran budak, nya éta: 1) moral disawang tina kamekaran perseptual, 2) moral disawang tina kamekaran motorik, 3) moral disawang tina ngawasa pola-pola kaparigelan mental, jeung 4) moral disawang tina kamekaran pangaweruh bahasa jeung mikir.

Sangeus ditalungtik, ieu novél *Carita Si Dirun* téh bisa dijadikeun bahan pangajaran maca novél, sabab luyu jeung tujuan nu hayang dihontal, mibanda ajén pikeun kahirupan manusa, mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna, aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuhan, sarta luyu jeung kabutuh siswa katut minat siswa (Nasution dina Haérudin & Kardana 2013, kc 77).

5.2 Implikasi

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuhan ajén moral dina karya sastra, utamana dina novél Sunda, sarta bisa jadi référénsi pikeun bahan pangajaran maca novél di SMP

5.3 Rékomendasi

Aya sababaraha saran atawa rékomendasi nu disusun ku panalungtik pikeun pihak-pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, di antarana: 1) pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa jadi tatapakan dina panalungtikan anu leuwih jembar deui tur bisa nalungtik ngagunakeun pamarekan lianna; 2) pikeun guru dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan pikeun jadi pilihan dina nangtukeun bahan pangajaran maca di SMP, sangkan bisa ngarojong dina pangajaran; 3) pikeun masarakat/nu maca, dipiharep bisa ngeuyeuban pangweruh utamana ngeunaan

karya sastra ku cara loba maca karya sastra, sarta bisa jadi eunteung dina kahirupan sapopoé di masarkat.